

Èske w chanje adrès?

Ou gendwa gen pou w chanje plan medikal ou a pou jwenn doktè ki pi pre w.

Si w demenaje al abite yon lòt kote, doktè swen primè ou a oubyen lòt doktè ou yo gendwa lwen lakay ou alèkile, oubyen yo gendwa pa disponib nan nouvo katye w la. Si w gen pou w chanje plan medikal ou a, ou gen detwa opsyon. Si w gen pou w chanje oubyen pa chanje plan MassHealth ou a, admisiblite ou a nan MassHealth e benefis ou yo ap rete menm jan.

Ranseye w pou wè si plan medikal ou a toujou disponib nan nouvo adrès lakay ou a, pou gen plis enfòmasyon sou opsyon ou yo, epi pou chanje plan medikal ou a si l ta nesèsè.

Pou w chanje plan medikal ou a oubyen pou jwenn plis enfòmasyon, ou gendwa :

- Monte nan [MassHealthChoices.com](https://www.masshealthchoices.com) pou w wè videyo a, « Kòman pou chwazi yon plan medikal » epi pou jwenn papye enskripsyon anliy la (li disponib nan lang anglè e espayòl).
- Telefonnen sèvis kliyantèl MassHealth la nan (800) 841-2900 ; TDD / TTY : 711, lendi – vandredi, 8 a.m. – 5 p.m.
 - Pou enfòmasyon sou opsyon plan medikal ou yo, suiv enstriksyon yo pou w pale avèk yon reprezantan sèvis kliyantèl la.
 - Si w ap enskri nan plan Revere Health Choice, C3, oubyen Primary Care Clinician (PCC), w ap bezwen chwazi tou yon doktè swen primè. Li pa nesèsè pou w chwazi yon founisè premye swen pou w chanje plan ki asiye w lan si w ap enskri nan yon lòt òganism swen responsab oubyen nan yon lòt òganism swen ki jere.
 - Lè w pale avèk reprezantan sèvis kliyantèl la, pataje tanpri nouvo adrès lakay ou a e si w sanzabri.
- Ranpli fòm enskripsyon an e voye l tounen swa pa lapòs oswa pa faks. Fòm enskripsyon an disponib anliy. Monte nan [MassHealthChoices.com/en/member-materials](https://www.masshealthchoices.com/en/member-materials) epi defile jouk nan lyen ki make « Fòm pou enskri oubyen chanje plan medikal » Enstriksyon, adrès, e nimewo faks make sou papye a an anglè e an espayòl.
- Pran yon randevou avèk yon moun ki ka ede w.
Monte nan www.mahealthconnector.org/help-center. Klike sou « Jwenn èd pou enskri ».
- Konnen tanpri, se pou ranpli yon fòmilèl apa pou chak moun nan fanmi w ki bezwen chanje plan.

Kisa yon plan medikal MassHealth ye?

Yon plan medikal se yon òganism ki ede jere bezwen swen medikal ou yo. Plan ou chwazi a ap detèmine ki doktè, lopital e lòt founisè swen medikal ou wè pou swen ou yo. MassHealth gen diferan kalite plan medikal. Si w vle gen plis enfòmasyon epi fè konparezon ant plan medikal ki gen kote w abite a, ou ka monte anliy nan [MassHealthChoices.com](https://www.masshealthchoices.com) pou w chache jwenn founisè epi fè konparezon ant plan yo. Ou ka wè tou plan medikal yo nan Gid enskripsyon nan MassHealth ki anliy nan Gid e manyèl pou manm MassHealth | [Mass.gov](https://www.mass.gov).

Kòman pou m konnen ki plan medikal ki gen nan katye lakay mwen an?

Chak plan medikal MassHealth bay manm yo swen medikal nan yon gwoup vil. Gwoup vil la rele yon zòn sèvis.

Gid enskripsyon an montre w ki zòn sèvis chak plan medikal MassHealth kouvri. Pou jwenn zòn sèvis ou a, gade nan paj 39 gid enskripsyon an. Chache jwenn vil kote w abite a epi itilize zòn sèvis li a pou w jwenn plan medikal ki disponib pou ou. Ou gendwa jwenn gid enskripsyon an anliy nan Gid enskripsyon ki anliy nan Gid e manyèl pou manm MassHealth | [Mass.gov](https://www.mass.gov).